



Reyinyon Komisyon Morrissey Boulevard #5

Boston Collegiate Charter School
ak Vityèl nan Zoom

6 out 2024



Nòt sou Reyinyon an ak Pwosed

Notifikasyon sou anrejistreman

- Reyinyon piblik vityèl sa a pral anrejistre. Depatman Transpò Massachusetts la (Massachusetts Department of Transportation) ka deside kenbe ak distribye videyo, oswa imaj fiks, odyo ak/oswa transkripsyon dyalòg.
- Lè ou kontinye patisipe nan reyinyon piblik vityèl sa a, sa vle di ou aksepte patisipe nan yon aktivite ki anrejistre.
- Tout anrejistreman ak transkripsyon dyalòg pral konsidere tankou achiv piblik.
- Si ou pa alèz pou kite yo anrejistre w, ou mèt etenn kamera ou, oswa kenbe mikwofòn ou bèbè, oswa pa patisipe nan dyalòg ki nan bwat transkripsyon an.

Remak enpòtan

- Mikwofòn ak webcam ou etenn otomatikman lè ou antre nan reyinyon an.
- Reyinyon an pral ouvri pou kesyon ak repons lè prezantasyon an fini..

Tout kesyon ak kòmantè ap byen resevwa ak apresye, men sèlman nou mande pou ou pa fè okenn kòmantè ki manke moun dega.

Kontwòl Zoum yo



- Menni defilan pou verifye mikwofòn ak opalè



- Poze yon kesyon ak fè kòmantè



- Leve men w



- Si ou pa kapab antre nan entènèt oubyen ou genyen pwoblèm teknik, tanpri rele nan reyinyon an nan nimewo 312-626-6799, oubyen nimewo Webinar: 884 0334 8122



Si ou gen pwoblèm avèk teknoloji ki sèvi nan reyinyon an pandan prezantasyon an, ou mèt rele:

1-888-799-9666

Soutit Zoum la pwodwi otomatikman.



Unmute



Start Video



Q&A



Raise Hand



Interpretation

Leave

Ajanda

- **Rapèl a lòd**
- **Prezantasyon Manm Komisyon an**
- **Prezantasyon Etid la**
 - **Revizyon sou Reyaksyon ki Resevwa yo**
 - **Zòn San Konstriksyon Pi Ta (Modèl Transpò)**
 - **Previzyon pou Konstwi (Modèl Transpò)**
 - **Tès pou Altènativ (Similasyon pou Transpò)**
 - **Etap ki apre yo**
- **Diskisyon ant Manm Komisyon yo**
- **Kòmantè Piblik**

Prezantasyon Komisyon an



*Tanpri, sonje responsablite Ajans pou Plannifikasyon ak Devlopman Boston yo (Boston Planning & Development Agency) transfere nan Depatman Plannifikasyon Vil Boston an (City of Boston Planning Department) depi 1ye jiyè 2024.

Objektif Komisyon an



Amelyore mobilite pou pyeton, pasaje, moun sou bisiklèt, ak moun nan oto



Ranfòse **rezilyans klimatik** nan seksyon Dorchester nan vil Boston, ak sou rebò Morrissey Boulevard nan vil la



Devlope yon plan konplè, ak **nosyon altèrnativ** pou koridè Morrissey Boulevard la



Idantifye **investisman pou tan kout** pou amelyore mobilite pou pyeton, pasaje, moun sou bisiklèt, ak moun nan oto nan tout koridè Morrissey Boulevard la

Remak:

Travay Morrissey Boulevard Commission, se evalye ak fè rekòmandasyon pou amelyore transpò ak enfrastrikti.

Wòl sipò ekip pou etid la limite nan prezante enfòmasyon pou sipò ki aplikab, epi devlope ak evalye amelyorasyon pou rezilyans nan transpò

Prezantasyon sa a genyen ladan matyè ki andeyò travay Komisyon Morrissey Boulevard la.

Matyè sipleman tè sa yo la pou bay yon kontèks rejyonnal pou koridò a, ak pou ankouraje plis echanj ak plis nouvote nan diskisyon piblik la.

Revizyon sou Reyaksyon ki Resevwa yo

Rezime Reyaksyon ki Resevwa yo

Kesyon sou senaryo pou
modèl ak devlopman

Enkyetid sou rediksyon
kapasite wout


Vire pou fè Demi Tou nan
Bianculli Boulevard

Bezwen pou
amelyorasyon transpò
aktif / aksè

Konsiderasyon sou
Anviwonman - bwi,
polisyon, ak baryè vizyèl

Dènye chanjman sou
amelyorasyon pou tan
kout, ak sou pwojè ki
aplikab

Sijè ki Pral Abòde apre



Modèl Transpò nan zòn san Konstriksyon pou Pi Ta

**Presizyon nan Senaryo Ògànizasyon Plannifikasyon Boston Region
Metropolitan lan pou 2050**

Jenneralite

- Ògànizasyon Plannifikasyon Zòn Metwopòl Boston an (**Boston Region Metropolitan Planning Organization - MPO**) ògànize aktivite plannifikasyon pou anviwon 100 minisipalite nan Komonnwèlt la.
- Youn nan aktivite plannifikasyon li yo, se yon **Plan pou Transpò sou Long Distans (Long-Range Transportation Plan - TP)**
- Dènye modifikasyon an, ki rele Destination 2050, te fin fèt an 2023.
- Nan yon pati nan modifikasyon an, Boston Region MPO te devlope previzyon pou popilasyon, kantite moun nan kay, ak moun k ap travay pou orizon lavni nan lane 2050, ki sèvi kòm eleman nan modèl sou demann depasman rejyonnal la.
- Yo rele lane k ap vini sa a **Senaryo pou Plan (Plan Scenario)**

Ane Kòmansman ak Plan pou Senaryo Demografik 2050

- Modèl pou demann deplasman reyonnal (TDM23) MPO nan Rejon Boston an genyen ladan:
 - Ane Kòmansman 2019
 - Ane nan Lavni 2050 - Senaryo pou Plan

Enfòmasyon	Ane Kòmansman MPO nan Rejon Boston (2019)	Ane nan Lavni MPO nan Rejon Boston (Senaryo Plan 2050)	Diferans nan Kwasans	% Kwasans
Popilasyon	68,919	87,741	18,822	27.3%
Moun nan menm lojman	27,294	36,205	8,911	32.6%
Travay	38,076	44,432	6,356	16.7%

- **Dapre repons nou resevwa, nou fè yon revizyon previzyon sa yo, epi nou amelyore yo pou zòn etid la**

Presizyon nan Senaryo pou Plan 2050 lan


- Kòm rezilta, gen presizyon ki te ajoute nan previzyon pou popilasyon ak moun nan menm lojman nan zòn etid la dapre dènye enfòmasyon sou soudevlopman, ak sou pwojè ki plannifye ak pwopoze.
- Presizyon yo ajoute 9 018 moun ak 3 920 fanmi ki rete nan lojman nan previzyon sou Senaryo pou Plan MPO 2050 nan Rejyon Boston an.

Enfòmasyon	Ane Kòmansman MPO nan Rejyon Boston (2019)	Ane nan Lavni MPO nan Rejyon Boston (Senaryo Plan 2050)	Presizyon sou zòn San konstriksyon an 2050	Diferans (to kwasans) ant presizyon sou zòn San Konstrikasyon nan Lavni yo ak Ane Kòmansman an
Popilasyon	68,919	87,741	96,759	27,840 (40.4%)
Moun nan Menm lojman	27,294	36,205	40,125	12,831 (47%)
Travay	38,076	44,432	44,432	6,356 (16.7%)


**Devlopman ki idantifye yo te ajoute ak swiv pou enfòmasyon yo te toujou valab toutotan sa posib, pandan tout tan pwojè sa a dire. Pou rezon sa a, gen kèk devlopman ki te ajoute san yo pa te nan modèl la.*

Presizyon sou Previzyon Demann Deplasman an 2050

PERYÒD PWENT NAN AM



PERYÒD PWENT NAN PM



- Lòt devlopman ki pral vini ankò, ak kwasans yo prevwa pou demann deplasman sou kote nò zòn etid la.
- Nan pami kote ki te gen plis kwasans yo genyen:
 - Old Colony Rotary
 - Kosciuszko Circle
 - Bianculli Boulevard/ Morrissey Boulevard Entèseksyon

BPrevizyon pou Konstwi (Antisipasyon) Modèl Transpò

Previzyon pou Konstwi (Antisipasyon) Modèl Transpò

- Eleman Knostriksyon Lavni amelyore nan demografi, chanjman nan rezo wout, ak lòt amelyorasyon modal
- **Modifikasyon nan rezo wout yo genyen:**
 - Rekonfigirasyon Morrissey Boulevard
 - Chanjman nan apwòch wout lateral (branch wès) nan entèseksyon Morrissey Boulevard ak Bianculli Boulevard
 - Konstriksyon Premye Ri
- **Previzyon yo ede reponn kesyon sa yo:**
 - Èske wout trafik la ta chanje? Si se Wi, ki kote?
 - Kouman sa ta afekte Morrissey Boulevard?

Kouman Lavni 2050 lan te ye Fè modèl ki kalibre pou zòn etid la?

Etap 1: Modèl la genyen modifikasyon rezo wout

Rezilta yo te konpare avèk sa ki pou oto, pyeton, bisiklèt, ak transpò komen ki nan modèl San Konstriksyon an

Etap 2: Chanjman pou redwi enpak ki posib sou aktivite yo

Wout nan dezyèm modèl la genyen tou nouvo konneksyon pou pasaj pyeton ak bisiklèt

Etap 3: Chanjman pou modifye ak montre pi byen kisa nouvo devlopman yo ap ofri pou sikilasyon oto

Previzyon Lavni pou Rezilta nan Konstwi Modèl an 2050


- Metodoloji sa a te pèmèt jwenn rezilta pi ba la yo pou Previzyon Lavni nan Konstwi Modèl an 2050

Mòd	Deplasman nan Rejyon Boston nan Ane Kòmansman MPO (2019)	Deplasman nan Rejyon Boston nan Lavni MPO (2050) nan zòn San Konstrikasyon	Previzyon 2050 pou Deplasman nan Lavni pou Zòn Konstwi
Veyikil	200,107	243,573 (+21.7%)	236,329 (+18.1%)
Pyeton / bisiklèt	49,898	73,279 (+46.9%)	75,812 (+51.9%)
Tranzit	25,803	37,010 (+43.4%)	41,184 (+59.6%)
Total	275,808	353,862 (+28.3%)	353,325 (+28.1%)

Chajman ki Prewwa pou Oto

- Avèk rekonfigirasyon yo pwopoze pou wout yo, kèk nan chofè k ap sèvi kounye a ak Morrissey Boulevard pou travèse zòn lan kapab genyen pou yo pase sou I-93
- Genyen kèk chanjman mòd ki kapab rive (tankou sispann kondwi oto pou pran tranzit oubyen bisiklèt)
- Anjenneral, trafik la ap chanje pou pase sou I-93 nan AM ak PM

PERYÒD PWENT NAN AM



PERYÒD PWENT NAN PM



Tès Altènativ pou Similasyon Transpò

Metòd Similasyon Transpò

- **SYNCHRO** ki te sèvi nan kòmansman pou teste altènativ nan yon seksyon an patikilye, pou dekouvri danje operasyonèl, ki rele tou "defo fatal"
- Pou sèvi avèk volim trafik nan Modèl Konstwi an 2050
- **Etap ki Apre:** VISSIM pral sèvi lè sa a pou pati nan modèl la ki nan koridò a, dapre rezilta tès SYNCHRO yo
 - Kote pou bisiklèt ak pyeton travèse nan entèseksyon yo pral presize
- Dyapozitif pi ba la yo montre detay nan rezilta premye analiz SYNCHRO a pou altènativ yo

Ki diferans ki genyen ant SYNCHRO ak VISSIM?

SYNCHRO se yon zouti ki sèvi pou evalye entèseksyon ki gen siyalizasyon oubyen ki pa genyen, avèk yon atansyon espesyal pou mouvman veyikil

VISSIM se yon zouti ki sèvi pou evalye entèseksyon ki gen siyalizasyon oubyen ki pa genyen, avèk yon atansyon espesyal sou enflyans ant mouvman veyikil ak bisiklèt, pyeton, ak transpò komen

Pwosesis similasyon transpò

Evalye nan kòmansman ki konsekans altènativ yo genyen sou mouvman veyikil, epi idantifye rezilta (oswa "defo fatal") yo

Apre sa, entegre itilizatè siklis, pyeton, ak pasaje tranzit, pou idantifye "defo fatal" yo

Altènativ ki pa gen anpil oubyen okenn "defo fatal" epi ki avanse pou plis analiz


Preble Circle (Alternativ 1) - Wonpwen Modèn

Avantaj

- Redwi ralantisman sikilasyon anjenneral, an konparezon avèk senaryo enfrastrikti ki la kounye a

Dezavantaj

- Difikilte avèk kantite trafik veyikil nan direksyon wès (AM) ak sid (PM)
- Chimen pou pyeton ak bisiklèt travèse entèseksyon yo long




Preble Circle (Altènativ 2) - Kontwòl avèk Siyalizasyon

Avantaj

- Travay avèk plis efikasite pase senaryo enfrastrikti ki la kounye a ak Altènativ 1 Preble Circle la
- Distans pou pyeton travèse a pi kout
- Mwens sifas pase yon wonpwen


Dezavantaj

- Difikilte nan sikilasyon pou vire agòch nan direksyon nò, ak nan mouvman nan direksyon sid pandan peryòd pwen PM yo



Altènativ Preble Circle - Premye Ànaliz

Nan premye ànaliz la, sikilasyon veyikil nan **Altènativ 2 Preble Circle la (Kontwòl avèk Siyalizasyon)** bay pi bon rannman pase lòt altènativ yo



First Street (Alternativ 1) - Wout Sèvis

Avantaj

- Sikilasyon san enteripsyon sou Morrissey Boulevard

Dezavantaj

- Opòtinite limite pou pyeton travèse nan direksyon lès-wès
- Plis trafik ki depann sou Mt.Vernon Street



First Street (Altènativ 2) - Kontwòl avèk Siyalizasyon

Avantaj

- Mwens trafik ki depann sou Mt.Vernon Street
- Bay posiblite pou travèse nan direksyon lès-wès
- Pran mwens sifas / zòn enpèmeyab
- Koresponn avèk Plan Prensipal Columbia Point lan


Dezavantaj

- Plis reta nan trafik, ak anbouteyaj sou Morrissey Boulevard



Altènativ First Street - Premye Ànaliz

Nan premye ànaliz la, sikilasyon veyikil pou **Altènativ 1 First Street** la (**Wout Sèvis**) te bay pi bon rannman pase lòt altènativ yo




Bianculli Boulevard - Depatman Konsèvasyon ak Modèl Rekreyasyon nan Massachusetts (2017)

Avantaj

- Anjenneral, bon aktivite nan sikilasyon
- Konneksyon pou pyeton ak bisiklèt nan tout branch entèseksyon yo
- Pran mwens sifas/ zòn enpèmeyab

Dezavantaj

- Ralantisman trafik nan direksyon sid pou Demitou an won pandan peryòd pwent nan AM



Source: Massachusetts Department of Conservation and Recreation

Bianculli Boulevard (Altènativ 1) – Green Tee Kontinye

Avantaj

- Anjenneral, sikilasyon veyikil la mache byen anpil

Dezavantaj

- Opòtinite limite pou pyeton travèse nan direksyon lès-wès (pa gen pasaj pou travèse nan direksyon sid)
- Ralantisman nan demitou an won nan direksyon sid pandan peryòd pwent AM
- Zigzag pou soti nan Bianculli Boulevard pou antre nan Old Colony Terrace



Bianculli Boulevard (Altènativ 2) – Medyàn pou fè Demitou Anwon

Avantaj

- Konneksyon pou pyeton ak bisiklèt nan tout branch entèseksyon yo
- Mwens pwen konfli nan entèseksyon


Dezavantaj

- Plis anbouteyaj pase nan lòt altènativ yo
- Medyàn pou fè demitou anwon an bezwen plis sifas nan kote sid Vietnam Veteran Memorial la



Altènativ Bianculi Boulevard - Premye Ànaliz

Nan premye ànaliz la, menm si altènativ yo konparab, **Medyàn pou fè Demitou Anwon nan Bianculi Boulevard (Altènativ 2)** a bay plis avantaj ak mwens dezavantaj pase lòt altènativ yo.




Freeport Street – Massachusetts Depatman Konsèvasyon ak Modèl Rekreyasyon (2017)

Avantaj

- Redwi ralantisman sikilasyon, an konparezon avèk senaryo enfrastrikti ki la kounye a
- Mwens konfli nan Freeport Street
- Nouvo konneksyon pou pyeton ak bisiklèt nan direksyon lès-wès nan Victory Road

Dezavantaj

- Ralantisman pou vire agòch nan direksyon nò ak nan direksyon wès pandan peryòd pwent nan PM



Sous: Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon Massachusetts

Bianculli Boulevard (Altènativ 1) – Medyàn pou fè Demitou Anwon

Avantaj

- Redwi ralantisman sikilasyon, an konparezon avèk senaryo enfrastrikti ki la kounye a
- Mwens konfli nan Freeport Street

Dezavantaj

- Plis ralantisman sikilasyon pase lòt altènativ yo
- Plis sifas enpèmeyab pou medyàn pou demitou anwon an
- Okenn nouvo konneksyon pou pyeton nan Victory Road



Freeport Street (Alternativ 2) - Wout Kadran

Avantaj

- Redwi ralantisman sikilasyon, an konparezon avèk senaryo enfrastrikti ki la kounye a
- Mwens konfli nan Freeport Street
- Nouvo konneksyon pou pyeton ak bisiklèt nan direksyon lès-wès nan Victory Road

Dezavantaj

- Aktivite difisil nan direksyon nò nan peryòd pwent AM, epi nan direksyon lès ak wès nan peryòd pwent AM ak PM



Freeport Street ak Victory Road (Altènativ 3) - Tout Entèseksyon nan Victory Road

Avantaj

- Nouvo konneksyon pou pyeton, bisiklèt, ak veyikil nan Victory Road
- Eliminasyon wout sèvis yo redwi sifas enpèmeyab yo
- Mwens konfli nan sikilasyon sou Freeport Street


Dezavantaj

- Ralantisman nan direksyon lès sou Freeport St nan peryòd pwent PM
- Aktivite difisil nan direksyon sid Morrissey nan Freeport pandan peryòd pwent PM



Altènativ Freeport Street - Premye Ànaliz

Nan premye ànaliz la, sikilasyon veyikil pou **Altènativ 2 Freeport Street la (Wout Kadran)** te bay pi bon rannman pase lòt altènativ yo




Altènativ Neponset Circle

Avantaj

- Redwi kantite veyikil ki oblije zigzage
- Pèmèt jwenn konneksyon siplemanchè pou pyeton ak bisiklèt
- Amelyore posiblite aksè ADA


Dezavantaj

- Anbouteyaj sou ranp I-93 la ta kontinye



Altènativ Neponset Circle - Premye Ànaliz

Nan premye ànaliz la, **Altènativ Neponset Circle** la te bay plis rannan pase senaryo enfrastrikti ki la kounye a



Pwen Prensipal yo

- Ànaliz SYNCHRO pèmèt konprann danje operasyonèl ki posib, ki rele tou "defo fatal"
- **Ànaliz inisyal la montre avantaj ak dezavantaj ki genyen nan chak altènativ**
- **Konsekans resipwòk ant mouvman veyikil, bisiklèt, pyeton, ak transpò komen ki dwe ànalize avèk VISSIM, pou pèmèt konprann pi byen kouman chak altènativ travay**


Etap ki apre yo

Etap ki apre yo


Nou isit la



Otòn 2023: /
Sezon Ivè 2024



Sezon Prentan/
Sezon Ete 2024



Sezon Otòn /
Sezon Ivè 2024

- Reyinyon Komisyon
- Kondisyon ki la kounye a

- Altènativ Devlopman
- Ànaliz Preliminè sou Altènativ
- Reyinyon Komisyon
- Lòt Aktivite pou Kontak nan Vil la

- Ànaliz Altènativ
- Konsiderasyon sou Anviwonman - bwi, polisyon, ak baryè vizyèl
- Dènye chanjman sou amelyorasyon pou tan kout, ak sou pwojè ki aplikab
- Dènye Rapò
- Reyinyon Komisyon



Angajman Piblik

Diskisyon ant Manm Komisyon an

Diskisyon ant Manm Komisyon an

**Kòmantè jenneral ak kesyon sou
Devlopman Altènativ ak / oswa Ànaliz
Preliminè sou Aktivite Transpò?**


**Ki alternativ ki dwe pase nan ànaliz
pi lwen avèk VISSIM?**

Diskisyon ant Manm Komisyon an - Altènativ Preble Circle

Preble Circle (Altènativ 1) – Wonpwen Modèn



Preble Circle (Altènativ 2) - Kontwòl avèk Siyalizasyon



Diskisyon ant Manm Komisyon an - Altènativ First Street

First Street (Altènativ 1) – Wout Sèvis



First Street (Altènativ 1) - Kontwòl avèk Siyalizasyon



Diskisyon ant Manm Komisyon an - Altènativ Bianculli Boulevard

Bianculli Boulevard (Altènativ 1) - Green Tee Kontinye



Bianculli Boulevard (Altènativ 2) - Medyàn pou fè Demitou Anwon



Diskisyon ant Manm Komisyon an - Altènativ Freeport Street

Freeport Street (Altènativ 1) - Mediàn pou fè Demitou Anwon



Freeport Street (Altènativ 2) - Wout Kadran




Freeport Street ak Victory Road (Altènativ 3) - Tout Entèseksyon nan Victory Road



Diskisyon ant Manm Komisyon an - Altènativ Neponset Circle

Altènativ Neponset Circle



Kòmantè Piblik

Pataje Kesyon ak Kòmantè ou: Pwosesis Reyinyon Ibrid

- Moderatè an pèsonn ak vityèl pral travay ansanm pou garanti patisipan nan toude kote yo kapab pataje kesyon ak kòmantè yo
- Moderatè yo pral pran kèk kòmantè chak fwa nan yon kote, pou pase apre nan peryòd kòmantè piblik la
- Si gen plizyè moun ki poze menm kesyon an, moderatè yo pral fè odyans lan konnen konbyen moun ki poze ak reponn kesyon an chak fwa

Sonje sa, tout kesyon, repons, ak kòmantè yo kapab pataje nan achiv piblik, kidonk sèvi avèk fonksyon sa yo sèlman pou sijè ki anrapò avèk pwojè a.

Pataje Kesyon ak Kòmantè ou: Patisipan Vityèl



- Pou voye kesyon ak kòmantè ou, sèvi avèk bouton Q&A a (Alt+H).



- “Leve men ou” pou yo louvri mikwofòn ou pou kesyon vèbal (Alt + Y pou leve men ou).



- Tanpri, di non ou anvan ou poze kesyon an.



- Poze **1** kesyon oswa fè yon sèl kòmantè chak fwa, epi limite tan ou pou **2** minit, pou pèmèt lòt moun patisipe.



- Pou poze yon kesyon nan telefòn, peze *9 epi moderatè a ap di 4 dènye chif nan telefòn ou, ak aktive odyo ou lè tou ou rive.

Sonje sa, tout kesyon, repons, ak kòmantè yo kapab pataje nan achiv piblik,
kidonk sèvi avèk fonksyon sa yo sèlman pou sijè ki anrapò avèk pwojè a.

Pataje Kesyon ak Kòmantè ou: Patisipan an pèsonn



- Sèvi avèk mikwofòn yo ba nou a, epi mete nou twa (3) moun an ran chak fwa pou pèmèt piblik vityèl la patisipe.



- Tanpri, di non ou anvan ou poze kesyon oswa fè kòmantè ou.



- Poze **1** kesyon oswa fè yon sèl kòmantè chak fwa, epi limite tan ou pou **2** minit, pou pèmèt lòt moun patisipe.

Sonje sa, tout kesyon, repons,
ak kòmantè yo kapab pataje nan achiv piblik.



Kouman pou Kontakte nou

Voye kòmantè ekri yo nan adrès:

Attention: Office of Transportation
Planning 10 Park Plaza, Suite 4150
Boston, MA 02116

Voye kòmantè elektwonik yo nan adrès:

planning@dot.state.ma.us

Pou enfòmasyon sou Pwojè a, ale nan sit entènèt etid la, nan adrès:

<https://www.mass.gov/k-circle-morrissey-study> oswa Kòd QR :



Sit entènèt
etid Kòd QR



Mèsi!